



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE DEPATMAN KONSÈVASYON ANVIWÒNMANTAL LA POU OGMANTE ALÈT POU SECHRÈS

Kat sou kondisyon sechrès Eta New York la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la pou pibliye yon alèt pou sechrès ki ajou apre li fin konsilte Gwoup Travay sou Jesyon Sechrès Eta (State Drought Management Task Force) ak ajans patnè federal yo. Alèt la kounye a gen ladan pifò konte New York eksepte sa yo ki nan rejyon Adirondack, Gran Lak Lès yo ak Metwopoliten New York la. Eta New York ap ankouraje rezidan ki nan konte ki afekte yo, sitou sa yo ki depann de pi dlo souteren prive yo, pou konsève dlo chak fwa sa posib pandan semèn k ap vini yo.

"Pandan ke lapli ki sot pase yo te ede, kondisyon sèk grav yo kontinye ap pèsiste atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouyòkè yo ta dwe pran mezi pou konsève dlo chak fwa sa posib nan zòn yo kounye a ki anba yon alèt pou sechrès. Etap ki senp pou redui konsomasyon dlo pral enpòtan anpil nan efò nou pou ede anpeche nivo sechrès yo ogmante".

Konte yo ki anba yon alèt pou sechrès disponib [isit la](#). Yon alèt se premye nan kat nivo avètisman sechrès Eta a, ki se alèt, avètisman, ijans, ak katastwòf. Pa gen okenn restriksyon obligatwa ki an plas anba yon alèt eta pou sechrès.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Presipitasyon ki pi ba pase nòmal ak tanperati ki pi wo pase nòmal yo ane sa a kontinye konbine pou agrave sikilasyon dlo ki ba yo, nivo dlo souteren redui yo ak risk kontinyèl ensandi nan forè. DEC pral kontinye kontwole nivo dlo yo ak enpak anviwònmantal kondisyon sèk yo epi ankouraje rezidan yo atravè eta a pou kontwole itilizasyon yo epi evite gaspiye dlo".

Yo rapòte yon ogmantasyon nan pwoblèm rezèv dlo yo akòz kondisyon sèk yo. Presipitasyon ki pi ba pase nòmal yo pandan twa dènye mwa yo, sikilasyon dlo ki ba yo ak nivo dlo souteren ki ba yo ki te montre nesosite pou ekspansyon eta alèt la pou asire bon jan rezèv dlo piblik. Yo ankouraje founisè dlo piblik lokal yo pou evalye sityasyon aktyèl la, ankouraje konsèvasyon volontè, epi pran mezi apwopriye pou jere risk yo.

Rejyon sechrès IIA Eta New York, ki gen ladan Vil New York ak Westchester, rete nan eta nòmal akòz nivo depo ki satisfèzan ak pwobabilite pou ranpli rezèwva Vil New York yo. Dapre Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Protection, DEP) Vil New York la, rezèwva Vil la yo apeprè nèf pousan pi ba pase nòmal pou epòk sa a nan ane a, kote 422 milya galon kounye a nan depo, konpare ak 469 milya galon nòmalman. DEC kontinye travay nan tèt kole ak DEP pou kontwole kondisyon rezèwva yo epi ankouraje itilizasyon dlo responsab, sitou deyò, kèlkeswa kondisyon idwolojik yo oswa sezon an.

Alèt sou sechrès la te deklanche gras ak Endèks sou Sechrès Eta (State Drought Index) a, ki reflechi sou nivo presipitasyon yo, rezèwva/nivo lak yo, ak debi kouran dlo yo ak nivo nap souterèn yo nan nèf rejyon sechrès Eta New York. Yo bay chak nan edikatè sa yo yon valè pondere baze sou siyifikasyon li ak divès itilizasyon li nan yon rejyon. Endèks Sechrès Eta a adapte ak atribi espesifik New York yo epi li ka diferan yon fason modere nan kèk evalyasyon teknik nasyonal pou sechrès.

DEC ak U.S. Geological Survey (Sondaj Gewoloji Etazini an) se patnè nan evalyasyon kondisyon idwolojik atravè Eta New York. Anplis de sa, DEC sipòte efò gouvènman lokal yo ak pati enterese yo pou antreprann mezi konsèvasyon dlo ki baze sou sikonstans lokal espesifik yo. Presipitasyon obsève yo te mwens pase nòmal ak defisi de a sis pous komen nan 90 dènye jou yo. Tan sèk la te kòmanse nan sezon prentan e li kòmanse afekte lòt paramèt yo yon fason sinifikatif. Sikilasyon kouran dlo yo ak nivo dlo souteren yo pi ba pase nòmal nan anpil nan rejyon ki afekte yo. Nivo dlo souteren yo te bese pandan kèk mwa ki sot pase yo epi yo pa prevwa y ap amelyore nan yon avni pwòch akòz defisi presipitasyon ki egziste deja.

Pèspektiv Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service) la pou rès ete a prevwa tanperati ki pi wo pase nòmal ak presipitasyon ki pi ba pase nòmal. Lè yo volontèman diminye itilizasyon dlo, epi yo pran plis prekosyon avèk dife ak flanm deyò yo, Nouyòkè yo ka ede konsève resous natirèl nou yo pandan jou sèk sa yo nan ete a.

Pou pwoteje resous dlo yo, yo ankouraje pwopriyetè kay yo pou redwi volontèman itilizasyon dlo deyò epi swiv konsèy sa yo:

- Awoze gazon sèlman lè li nesesè, chwazi metòd awozaj ki evite gaspiyaj, ak awoze byen bonè nan maten pou diminye evaporasyon ak maksimize idratasyon tè a;
- Reutilize dlo ki kolekte nan barik lapli yo, dezimidifikatè yo, oswa klimatizè yo pou wouze plant yo
- Ogmante wotè pou koupe nan tondez gazon yo. Zèb ki pi long pi an sante ak rasin ki pi fò epi li bezwen mwens dlo;
- Sèvi ak yon bale, pa yon tiyo kawotchou, pou netwaye antre kay ak twotwa yo; epi
- Repare tiyo, tiyo kawotchou yo, ak wobinè yo.

Pou plis konsèy pou ekonomize dlo, vizite pajwèb DEC la nan <http://www.dec.ny.gov/lands/5009.html>. Pou plis enfòmasyon sou sechrès nan New York, ale nan: <https://www.dec.ny.gov/lands/5011.html>

Risk pou Lavi Sovaj

Anplis ekspansyon alèt pou sechrès la, Eta New York kontinye ankouraje Nouyòkè yo ak vizitè yo pou yo swiv rekòmandasyon ki anba yo pou diminye risk ensandi forè. Pifò Eta New York aktyèlman nan gwo risk pou dife - gade kat la isit la: <https://www.dec.ny.gov/lands/68329.html>. Nenpòt dife deyò ka gaye byen vit, sitou si van an leve. Dife kan yo pami senk pi gwo kòz dife nan forè.

Pandan yo nan kan nan forè, nou konseye Nouyòkè yo pou:

- Sèvi ak bag dife ki egziste deja kote sa posib;
- Monte dife nan kan lwen branch ki pandye yo, pant apik yo, souch pouri yo, mòso bwa, zèb sèk ak fèy. Pile bwa anplis yo lwen dife a;
- Netwaye zòn nan alantou bag fèy, brendiy ak lòt materyèl ki ka pran dife;
- Pa janm kite yon dife kan san moun k ap veye. Menm yon ti briz ka lakòz dife a gaye byen vit; epi
- Veye anpil dlo sou dife a. Asire tout tizan, chabon ak baton yo mouye. Deplase wòch yo piske ka gen tizan anba yo k ap boule.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)